УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№56 (14016)

2025 гъэ, шыщхьэIум (августым) и 2, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

ЗэIущIэ — Москва къалэ

## Хэгъуэгум и зыужьыныгъэм



**Бадзэуэгъуэм (июлым) и 30-м Москва Кремлым щызэIущIащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ.**

Абыхэм я зэпсэлъэныгъэр хуэгъэзауэ щытащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и социально-экономическэ зыужьыныгъэм. Тегъэчынауэ гулъытэ ирагъэгъуэтащ хэгъуэгум и егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм — еджапIэхэмрэ сабий IыгъыпIэхэмрэ я щытыкIэм.

Щхьэхуэу ди республикэм и лIыщхьэр къытеувыIащ гъэм и зэман псоми лажьэ Архъыз курортым зэрызиужьым, хэгъуэгум лъэныкъуэгъазэ зэхуэмыдэхэмкIэ игъуэт социально-экономическэ ефIэкIуэныгъэм.

Псалъэмакъ щхьэхуэ хъуащ ди хэгъуэгум къулыкъущIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщIагъакъуэм, щIалэгъуалэм драгъэкIуэкI хэкупсэ гъэсэныгъэм, туризмэм теухуа упщIэхэр.

Владимир Путин гу лъитащ хэгъуэгум езым и хэхъуэр зэрефIакIуэм, абы къыдэкIуэуи республикэм и бюджет зэхурикъуныгъэм хэхъуэну лъэкIыныгъэ зэриIэм.

Темрезов Рэшид къыхигъэщащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ я фIыгъэкIэ республикэм фIагъ лъагэ иIэу зэрыриужьар, Президентым игъэува къалэн, мурад щхьэхуэхэр къызэрызэфIагъэкIыну, зэрылъэIэсыну щытыкIэхэр къызэрызэрагъэпэщар. АтIэ, иужьрей илъэситхум Къэрэшей-Черкес Республикэм щаухуащ икIи щызэрагъэзэхуэжащ социальнэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэ 803-рэ.

Ди республикэм и Iэтащхьэр къытепсэлъыхьащ хэгъуэгум туризм и лъэныкъуэкIэ хэхъуэфI зэриIэм, яухуэну аэропортым и проектыр зэрагъэкIуэтэнум, абы къигъэув къалэнхэр зэрагъэзэщIэнум.

Темрезов Рэшид фIыщIэшхуэ Урысейм и Президентым хуищIащ ди хэгъуэгум щыIэ 34-нэ мотострелковэ бригадэ щхьэхуэм щIыхь зыпылъ «гвардейская» фIэщыгъэцIэр къызэрыхуигъэфэщам папщIэ.

Ди хэгъуэгум и лIыщхьэм къыхигъэщащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и щIалэгъуалэм ящыщу хэкупсэ-лъэпкъыпсэу къэтэджхэр иужьрей зэманым нэхъыбэ зэрыхъуар.

«Ар, дауи, псом нэхърэ нэхъыщхьэу щытынкIэ хъунущ СВО-м и лъэныкъуэкIэ ехъулIэныгъэ хэлъу дыкIуэтэным имызакъуэу, урысей къэралыгъуэр гъэбыдэнымрэ зыужьыныгъэ егъэгъуэтынымрэ хуэгъэзауэ дефIэкIуэнымкIэ», — жиIащ ди къэралым и Президентым.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Зеленчук районым

**КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид лэжьыгъэ IуэхукIэ Зеленчук районым щыIащ икIи администрацэм и Iэтащхьэ Брыкинэ Марие IущIащ. Еблэгъащ 2024 гъэм капитальнэ зэгъэзэхуэжыныгъэ здыщекIуэкIа щэнхабзэмкIэ Унэм.**

## Лэжьыгъэ IуэхукIэ

ЗэIущIэм къыщаIэтащ Зеленчук районым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм епха упщIэхэр.

Ягъэнэхъапэ кIуэрабгъуэхэм ящыщщ цIыхухэр псыкIэ къызэгъэпэщыныр, СВО-м хэтхэмрэ я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуныр, егъэджэныгъэр, унэхэмрэ пщIантIэхэмрэ зэIузэпэщ щIыныр, спортыр, щэнхабзэмрэ туризмэмрэ.

Ирипсэлъащ инженер инфраструктурэр модернизацэ щIыным, районым и къуажэхэмрэ станицэхэмрэ псыкIэ къызэгъэпэщыным епха псэуалъэхэм.

Нобэ Къардэныдж щызэрахъуэкI километр 82-рэ зи кIыхьагъ псы кIуапIэ бжьамийхэр.

— Станицэм псы къызэрашэрэ псы кIуапIэхэр апхуэдэу куэду зэгуэрэми зэрахъуэкIакъым. ИджыкIэ яукъуэдиящ псы кIуапIэщIэ километр 70-м нэблагъэ. Проект - сметэ тхылъхэр хуагъэхьэзыращ Сторожевая станицэмрэ Марыхъу къуажэмрэ я псы кIуапIэхэр зэхъуэкIыным. А проектымкIэ районыр хыхьэнущ «Комплексное развитие сельских территорий» программэм, — къыхигъэщащ Темрезов Рэшид.

Абы къинэмыщIауэ, Темрезов Рэшид къыхигъэщащ районым и администрацэр, жылагъуэ организацэхэмрэ хьэрычэтыщIэ волонтёр гупхэмрэ СВО-м щыIэ ди къулыкъущIэхэм, абыхэм я унагъуэхэм зэрадэIэпыкъур. Дэтхэнэ унагъуэми хэгъэщхьэхукIауэ долажьэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэ лагерхэм кIуэн щхьэкIэ путевкэхэр ират СВО-м щыIэхэм я сабийхэм. Абы щIыгъуу лэжьыгъэ драгъэкIуэкI 34-нэ гвардейскэ къуэш мотострелковэ бригадэ хэхам и командованэм.

— Ди гуапэу гу лъыттащ щэнхабзэмкIэ Унэм и творческэ секцэхэр зыгъэпсэхугъуэ махуэхэми зэрылажьэм. Зеленчук станицэм и сабий хореографическэ гупыр езгъэблэгъащ Черкесск къалэр илъэс 200 зэрырикъум хуагъэхьэзыр махуэщI программэм хэтыну, — жиIащ Темрезов Рэшид.

СВО — Гулъытэ

## Ветеранхэм папщIэ

ЧЕРКЕССК къалэм щыпащэ «Лечебно-профилактический центр» республикэ къэрал бюджет IэзапIэ IуэхущIапIэм и къэухьхэм ит псэуалъэщIэр ухуэныр. Абдеж СВО-м и ветеранхэм я узыншагъэр щызэфIагъэувэжынущ.

Мыбдежым щызэлъэщIагъэхьащ ухуэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр, ирашэлIащ инженер коммуникацэ псори, къэнар псэуалъэм и кIуэцIхэр зэтегъэпсыхьыжынращ.

Ар къызэрагъэпэщ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и IизныкIэ, къызэIуахынущ зауэ операцэ хэхам и ветеранхэм я узыншагъэр здызэфIагъэувэж купсэу.

Псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 1500-рэ зэрыхуэ корпусыщIэр узэдауэ щытынущ иджырей медицинэ оборудованэкIэ. Абы хэтынущ узыфэхэр белджылы зыщI диагностикэ, физиотерапие аппаратхэр, узыншагъэр зэфIэзыгъэувэж хуэIухуэщIэхэр зэрырагъэкIуэкI Iэмэпсымэхэр.

Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, ягъэувынущ сымаджэмрэ дохутырымрэ зэзыпх аппаратыщIэхэр, Iэ-лъакъуэхэр тэрэзу зекIуэу гъэпсыжыныр езыгъэфIакIуэ, механотерапием тегъэпсыхьа Iэмалхэр, физиотерапевтическэ оборудованэ. Ахэр къаIэрыхьащ «Оптимальная для восстановления здоровья медицинская реабилитация» федеральнэ проектыр гъэзэщIэным и къэухьхэм иту.

Мы IэзапIэм щIагъэувэнущ жэщи махуи лажьэ гъуэлъыпIэ 25-рэ, ар хуэунэтIауэ щытынущ нейрореабилитацэм, къупщхьэ-лыпцIэ зэпылъыпIэхэм уз щагъуэтакIэ ирагъэкIуэкI медицинэ реабилитацэм, абы щIыгъуу, соматическэ, медико-психологическэ реабилитацэм. Медицинэ корпусыщIэм щылэжьэнущ психологхэр, массажистхэр, логопедхэр зыхэт, IэпщIэлъапщIагъэ лъагэ зиIэ IэщIагъэлI гупхэр.

Сымаджэхэр зыхуэныкъуэ щымыIэу, тыншу реабилитацэ купсэм щIэлъын щхьэкIэ къызэрагъэпэщынущ зыхуэныкъуэ щытыкIэхэр: палатэ инхэр, зэреIэзэ физкультурэм тегъэпсыхьа пэш Iэхуитлъэхуитхэр, психологическэ дэIэпыкъуныгъэ здагъуэт къулыкъу пэшхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ.

КорпусыщIэр къызэрызэIуахыр хъунущ СВО-м и ветеранхэм медицинэ и лъэныкъуэкIэ ящхьэпэным тегъэпсыхьа бэзым хуач, мыхьэнэ зиIэ лъэбакъуэ. Абы лъэкIыныгъэ къаритынущ медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и иджырей мардэхэм я къэухьхэм ит, технологие пэрытхэр къэзыгъэсэбэп медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ветеранхэм ирагъэгъуэтыну.

КорпусыщIэр ухуэныр яублащ 2024 гъэм — Хэкум и хъумакIуэм и Илъэсым. Мы гъэм ухуэныгъэхэр зэлъэщIагъэхьэнущ. ИкIи, абы ипкъ иту нэхъыбэ хъунущ фIагъ лъагэ зиIэ иджырей медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зыгъуэтхэм я бжыгъэр.

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм мызэ - мытIэу къызэрыхигъэщащи, ягъэнэхъапэ социальнэ Iуэхухэм ящыщщ зауэ операцэ хэхам хэтахэмрэ я унагъуэхэмрэ лъэныкъуэ псомкIи защIэгъэкъуэныр.

— Федеральнэ Iэмалхэм ящIыгъуу дэ къэдгъэIэрыхуагъэхэщ дэIэпыкъуныгъэм и хэгъуэгу къэкIуэкIэ 44-рэ. ЩIыпIэ къэрал унафэщI къулыкъухэм абы щIыгъуу къагъэсэбэп муниципальнэ къыхэлъхьэныгъэхэр. Медицинэ дэIэпыкъуныгъэр, унейсоциальнэ дэщтэныгъэр ягъэнэхъапэ. 2025 гъэм дэ дыухынущ IэзапIэ - реабилитацэ купсэм и корпусыщIэм и ухуэныгъэр. Абы лъэкIыныгъэ къыдитынущ ди зауэ къулыкъущIэ нэхъыбэ медицинэ реабилитацэмкIэ къызэщIэдубыдэну, — и Зыхуэгъэзэныгъэм къыхэщащ хэгъуэгум и лIыщхьэм.

**Ди корр.**

«Абилимпикс»

## Мамыр гъащIэм хашэж

**Зауэ операцэ хэхам хэтхэм я IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагъыр здагъэунэху «Абилимпикс» япэ зэхьэзэхуэм бадзэуэгъуэм и 29-м Къэзан къалэм лэжьэн щыщIидзащ. Мы зэпеуэр щхьэпэщ зэуапIэм Iуту уIэгъэ хъуахэм IэщIагъэщIэхэр зрагъэгъуэтынымрэ мамыр гъащIэм хыхьэжынымрэкIэ.**

КъЧР-м и пщIэр яIэту зэхьэзэхуэм хэтщ «Абилимпикс» хэгъуэгу къекIуэкIыгъуэм и финалым нэса зауэлIиплI. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри щапхъэ нэс ирокъу СВО-м и ветеранхэр жылагъуэм, IэщIагъэхэм тыншу есэнымкIэ.

ЛIыхъужьыгъэм и орденым и кавалер, Георгиевскэ жорым и еплIанэ нагъыщэр зиIэ Гусхэ Замир зауэ операцэ хэхам щIалэ хахуэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. УIэгъэ ящIу и лъахэм къигъэзэжа нэужь, къызэрыкIуэ гъащIэм жыджэру хыхьэжауэ, езым хуэдэу зауэ зэпэщIэтыныгъэм и ветеран хъуахэм ядэIэпыкъунымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIех, координатору щолажьэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым, республикэм и жылагъуэ-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуещI, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутату щыткIэрэ. Замир ди хэгъуэгум къыбгъэдэкIыу зэхьэзэхуэм хэтынущ «Электроннэ оборудованэр зэпкърылъхьэнзэпкърыхын» лъэныкъуэгъазэмкIэ и зэфIэкIыр сэтей къищIу.

Дружбэ жылагъуэм щыщ, тхыдэмкIэ егъэджакIуэ Быж Щэмил щIэбэнынущ «Бжыгъэ программэм тещIыхьа станокхэмкIэ токарь лэжьыгъэр егъэкIуэкIын» гъэунэхуныгъэм пэрыт щыхъуным. Щэмили СВО-м хэтащ 2022 гъэм щегъэжьауэ уIэгъэ хъури, лIы хуэдэ и зауэ къалэнхэм пэрыхьэжащ, и гур зыми хуэужьыгуакъым. Абы нобэ и зэманыр епхащ егъэджэныгъэм, техническэ IэщIагъэри хъарзынэу къигъэIэрыхуащ.

Зэпеуэм хэтыну Къэзан кIуахэм ящыщщ СВО-м и ветеран Жилин Максим. Узыншагъэр зэфIэгъэувэжыным куэдрэ пылъа мы ныбжьыщIэр, зауэм къызэрикIыжу, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым Iухьауэ Iуэху щещIэ. Зэхьэзэхуэм Максим хузэфIэкI къимыгъанэу япэщIэтынущ слесархэм. Абы и пщэ ирилъхьэжащ уIэгъэ хъуар жылагъуэм къыкIэрычауэ зэрыщымытыр, ехъулIэныгъэшхуэхэр зэриIэфынур псоми нэрылъагъу ящыщIыныр.



ЕплIанэ зауэлIыр Гочияев Рустамщ. ХыфIыцIэ флотым и Iуфэхэр зыхъумэ гупым хэту зауэ операцэ хэхам и къалэнхэр щигъэзэщIащ. Хэкум къэкIуэжащ и узыншагъэм къыхэкIкIэ. Ар «Слесарь Iуэху» IэщIагъэмкIэ зэпеуэхэм яхэтщ икIи автомобилхэр щIыжыныр фIыуэ елъагъу, къыдохъу.

**Зыгъэхьэзырар ЛЫХЬ Тимурщ**

Лъэпкъым и махуэщIым къикIыу

## Лъэпкъым и псэр зыгъэпхъэр

**Бадзэуэгъуэм (июлым) и 23-р абазэ лъэпкъымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ махуэщIщ. А зы махуэм лъэпкъым и Iуэхугъуищ къызэщIеубыдэ — лъэпкъ щэнхабзэм, ныпым, «Абазашта» газетым я махуэщIхэр зэдагъэлъапIэ.**

Ар и щхьэусыгъуэуи мы гъэми Черкесск къалэм «Абаза» щэнхабзэ-спорт фестивалышхуэ щызэхэтащ. ГуфIэгъуэ дауэдапщэр мы гъэм епщIанэрейуэ ирагъэкIуэкI. А Iуэхугъуэр къыхилъхьауэ щытащ «Алашара» къэралыбэ зэгухьэныгъэм и президент Ечзэч Мусэ. Лъэпкъым и махуэщIым цIыху минитхум щIигъу къызэхуишэсащ.

Фестивалым и япэ Iыхьэр щыщIидзащ къэрал филармонием. Абдеж щекIуэкIащ «Танцуй, как Дзыба!» документальнэ фильмым и япэ гъэлъэгъуэныгъэр. Теплъэгъуэр теухуауэ щытащ абазэ лъэпкъым щIыхьышхуэ зиIэ и къэфакIуэ, балетмейстер Дзыбэ Георгий. Залым щIэмыхуу къекIуэлIащ къэфакIуэм и зэчийм дихьэххэр, ныбжьэгъухэр, гъунэгъу хэгъуэгухэм, Абхъазым къикIа хьэщIэхэр.

Фильмыр игъэхьэзыращ «Алашара» зэгухьэныгъэм. Ар тезыха гупым къызэхуахьэсыжащ къэфакIуэр зыцIыхуу щыта щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я гукъэкIыжхэр. Апхуэдэхэр къыщагъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн, Дагъыстан, Осетие, Абхъаз республикэхэм. КъэфакIуэм и фэеплъ щIыхьыр а махуэм яIэткIэрэ, къызэгъэпэщакIуэхэм къагъэлъэгъуащ къафэр гуэх имыIэу лъэпкъ щэнхабзэм и зы Iыхьэу зэрыщытыр. Абы зи гъащIэр езыпх щэнхабзэм и лэжьакIуэхэри абы хэту ягъэгушхуэу.

Шэджагъуэ нэужьым фестивалым и лэжьыгъэм щыпищащ къалэм и «ХытIыгу щхъуантIэ» зыгъэпсэхупIэм. «Алашара» зэгухьэныгъэм и лэжьакIуэхэм, волонтёрхэм, бзылъхугъэ советым хэтхэм егугъуу къызэрагъэпэщащ лъэпкъым и щыIэкIэпсэукIэр, и щэнхабзэр, хабзэр къэзыгъэлъагъуэ щIыпIэхэр. Лъэпкъ шхыныгъуэхэр, IэпэIэсэхэм я IэрыкIхэр, лъэпкъ нэщэнэхэр зытет щыгъынхэр, хьэпшыпхэр, сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр фестивалым щыкуэдт. А махуэм дэнэкIэ зомыгъазэми абазэ, абхъаз лъэпкъхэм я ныпхэр щыбыбт, уеблэмэ сабийхэм аквагримкIэ я напэхэм ахэр хутращIыхьт. МахуэщI дауэдапщэм къекIуэлIахэм зэрафIэгъэщIэгъуэнынум хуэдэу псори икъукIэ къызэгъэпэщат. Махуэр хуабэ дыдэти, цIыхухэм я гужьыдэгъэкI хъуащ махъсымэ щIыIэр.



Фестивалыр къыщызэIуахащ зыгъэпсэхупIэм и утыкум щащIа сценэм. «Алашара» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Джэдыгу Мурат къекIуэлIахэм Ечзэч Мусэ къыбгъэдэкIыу псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ. ИужькIэ псалъэ иратащ республикэм и Министерствэхэм я лIыкIуэхэмрэ Абхъазым къикIа хьэщIэхэмрэ.

КъЧР-м лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ коммуникацэмрэ печатымрэкIэ министрым къыбгъэдэкIыу къэпсэлъащ и къуэдзэ Гузко Сергей. "Мы махуэщIым къегъэлъагъуэ лIыщIыгъуэ куэд къызэзынэкIа абазэхэм я щэнхабзэ щIэиныр, гущхьэ лъапIэныгъэу ябгъэдэлъыр, гъунэгъу лъэпкъхэмрэ езыхэмрэ я зэкъуэтыныгъэр зэрыбыдэр.

Абазэ лъэпкъым и куэдщ щIэныгъэлIхэр, къэрал, бэдаущ Iуэхузехьэхэр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ япха цIыхушхуэхэр. Хэку цIыкIуми инми я зыужьыныгъэм абыхэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIам шэч хэлъкъым.

Къэралым и лъэпкъ политикэр зыхуэунэтIар лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я щэнхабзэхэр хъумэнымрэ егъэфIэкIуэнымрэщ, сыту жыпIэмэ, ар къэралым и лъабжьэ быдэ мэхъуж. Нобэ махуэри абы и зы щыхьэтщ", — жиIащ министрым и къуэдзэм.

Адыгэ лъэпкъым къыбгъэдэкIыу махуэщIыр зейхэм захуигъэзащ «ЩIалэгъуалэ Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и тхьэмадэ Къантемыр Арсен. Я махуэщIымкIэ яхъуэхъуа нэужь, абы щIигъужащ: "Сыт къэмыхъуами, адыгэ лъэпкъыр дызэрыфкъуэтыр зыщывмыгъэгъупщэ, ди къуэшхэ! Дэри апхуэдэ къабзэкIэ дыфщогугъ".

→ 3

ЩIыхьэху

**Мы гъэм шыщхьэIум (августым) и 1-31 махуэхэм КъЧР-м и дэнэ щIыпIи санитар гъэкъэбзэныгъэ, егъэфIэкIуэныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIынущ. ШыщхьэIум и 29-м сыхьэтыр 14-00-м щыщIэдзауэ республикэпсо щэбэт щIыхьэхуу ар щытынущ.**

## Къабзагъэм къыхуриджэу

Унафэр республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат и IэпэкIэ щIэгъэбыдащ.

Акцэр зытеухуар — Черкесск къалэм и Илъэс 200-м хуэкIуэу Къэрэшей-Черкес Республикэм и къалэ, район къэс я санитар - щIыуэпс щытыкIэр егъэфIэкIуэн, илъэс къэс екIуэкI «Вода России» Урысейпо акцэм хэлэжьыхьынращ.

Щэбэт щIыхьэхум хэтынущ республикэм щыпсэухэр, волонтерхэр, властыр, IуэхущIапIэ, къулыкъущIапIэ псори.

Зыщыпсэу щIыпIэм зигу хуэдзакъэ, зи гуащIэ Iыхьэ хэзылъхьэну хуей дэтхэнэри акцэм хыхьэнкIэ хуитщ, апхуэдэуи хэгъуэгум и щIыуэпс щытыкIэр иригъэфIакIуэу.

**Ди корр.**

**Щlыху и пIалъэрэ дуней и кIуапIэрэ зыщIэм ущигъэуэнукъым, жаIэ. Зэкъуэшыгъэр гъэбыдэным, зэшхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным нэхъапэ зэрыщымыIэр, цIыхухэм я пщэдейрей махуэхэм я IуэхукIэ абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр игъащIэми и лъабжьэщ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ зэхуаIэ зэпыщIэныгъэхэм. ЛъэпкъитIыр зы къуэпсым и щIэжу зэрыщытыр зымыщIэ куэд адыгэхэми абхъазхэми яхэткъым, ауэ цIыху и пIалъэкIэ зэрыщIэхэми, дуней и кIуапIэкIэ зэдай гъуэгу зэдыхашын зэрыхуейми лъэныкъуитIыр егупсысыпхъэщ. ЖыIэн хуейщ, а къалэныр гъэзэщIа хъун папщIэ лъэпкъитIми ялъэкI къызэрамыгъанэр.**



Апхуэдэ еплъыкIэщ Абхъазым и Президент Гунбэ Бадрэ иIэри. Хуит сыкъэфщIмэ, абы и фIэхъус псалъэм сыкъыфхуеджэну сыхуейт.

«ПщIэ зыхуэтщI ди ныбжьэгъуфIхэ! КъызэрымыкIуэу ди гуапэщ ДАХ-м и зэIущIэр ди щIыналъэм зэрыщекIуэкIыр, ди лъэпкъхэр гъунэгъу зэхуэзыщI Iуэхугъуэ дахэр ди къалащхьэм зэрыщызэхашэр. ДАХ-м къызэпича гъуэгуанэм дроплъэжри, Абхъазым къыщыкъуэмыта махуэ къыхэдгъуатэркъым. Абы дегъэгушхуэ, дяпэкIи дызэрызэкъуэтынумкIэ гугъэ дегъэщI. Зи чэзу зэIущIэр Абхъаз щIыналъэм щезыгъэкIуэкI ДАХ-м лэжьыгъэ купщIафIэ кърихьэлIэну, адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ яфI зыхэлъ унафэ куэд къащтэну. ЗэIущIэм хэтхэр фефIэкIуэну, фызыхуэлажьэ лъэпкъым и дахэ къэвлэжьыну си гуапэщ!»

Сэхъурокъуэ Хьэутий зи пщэрылъхэр зыгъэзэщIа къулыкъущIэм фIыщIэ хуищIри, адэкIэ лэжьыгъэм къыпищащ, ДАХ-м мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм блэкIа илъэсхэм къриубыдэу щIыпIэм щыпсэу адыгэхэр зэкъуэгъэувэнымкIэ, я пащхьэ къиувэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIэхынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIихам.

– Абхъазым щыпсэу адыгэхэр мы щIыпIэм щыхьэщIэкъым. Абыхэм мы хэгъуэгур псэупIэ яхуэхъуащ, унагъуэ щащI, бынхэр къащыщIохъуэ. Ди Хасэр къызэрыунэхурэ зыхуигъэувыжа къалэнхэр зэригъэзэщIэнум и ужь итщ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм и хьэтыркIэ, Абхъазым щыпсэу адыгэхэм экономикэрэ щэнхабзэрэ я лъэныкъуэкIэ я лъабжьэр мыбдеж щыгъэувыныр, къэралым и лъабжьэр гъэбыдэныр, адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэныр. Куэд тхузэфIэкIащ, ауэ нэхъыбэжи къытпэщылъщ. Абхъаз къэралыгъуэми жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми зэи гулъытэншэ дащIыркъым, апхуэдэу щыт пэтми, ди къалэнхэр нэхъыфIыжу зэфIэтхын папщIэ, тхузэфIэмыкIауэ Iуэхугъуэ гуэрхэр щыIэщ.



# IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым

Дяпэ итахэм къагъэна Iущыгъэр къащIэнахэм гъуазэ зэрахуэхъум и щыхьэт дахэт Дунейпсо Адыгэ Хасэм Абхъаз щIыналъэм иджыблагъэ щигъэкIуа махуэ зыбжанэр.

2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-20 махуэхэм Абхъазым и къалащхьэ Сыхъум ДАХ-м и чэзу зэIущIэр щызэхэтащ. Абы кърихьэлIащ АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Ставрополь, Краснодар щIыналъэхэм, Ищхъэрэ - Осетие Аланием щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ. Апхуэдэу зэхуэсым хэтащ Тыркум, Европэм, Иорданием, Сирием, Израилым щыIэ Адыгэ Хасэхэм я унафэщIхэмрэ Iуэхузехьэхэмрэ. Абхъаз-адыгэ дунейр гупсэхуу зыкIэлъыплъа Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иIэт, япэрауэ, ар щхьэхуэ хъуа Абхъаз къэралыгъуэм зэрыщекIуэкIым, етIуанэрауэ, лъэпкъитIым яку дэлъ зэхущытыкIэхэр къэIэтыжыным икIи егъэфIэкIуэным лъэныкъуитIри зэрыщыгугъым, ещанэрауэ, хэкурысхэмрэ хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр къызэрызэщIигъэрыуэжым.

Адыгэхэми абхъазхэми зэхуэдэ лъапIэныгъэ зрат зэхуэсым и япэ Iуэхугъуэр тхьэмадэхэм я зэIущIэмкIэ къызэIуахащ. Абхъазым и Президент Гунбэ Бадрэ иригъэблэгъащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Абхъазым я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, Абхъаз щIыналъэм щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Мэремыкъуэ Валерэ сымэ.

ЗэIущIэм хэтащ Абхъазым и вице-президент Бигвавэ Беслъэн, Абхъазым и Президентым и Администрацэм и унафэщI Эшбэ Беслъэн, абы и япэ къуэдзэ Шамбэ Дмитрий, вице-премьер Нанбэ Жансэхъу, Абхъазым щэнхабзэмкIэ и министр Кове Даур сымэ.

ХьэщIэхэм яIущIа Гунбэ Бадрэ къыхигъэщащ адыгэхэм пщIэ зэрахуищIыр, дунейм тепхъауэ тет лъэпкъым и лIыкIуэ ДАХ-р иригъэблэгъэну зэригуапэр.

– Абхъаз щIыналъэм и щхьэхуитыныгъэм папщIэ иригъэкIуэкIа Хэку зауэм щыгъуэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрыкъуэувар пщыгъупщэнкIэ Iэмал зимыIэщ. ИкIи тщыгъупщэркъым. Фыкъыткъуэтащ, фыкъыткъуэуващ, лъыгъажэр увыIэн папщIэ, хэкIыпIэу щыIэр зэIуфщащ. Сыхуейт гугъуехь куэд дыдэкIэ гъэнщIауэ щыта а илъэсхэм евгъэкIуэкIа лэжьыгъэм папщIэ иджыри зэ фIыщIэ фхуэсщIыну. ЗытIэкIукIи шэч къытесхьэркъым ДАХ-м Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэувэным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIым – узэгурымыIуэмэ, узэрыщIэркъым, узэрымыщIэмэ, узэлъэIэсыркъым. Абы и IуэхукIэ къыхэзгъэщыну сыхуейт абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ ди зэкъуэшыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ гъэбыдэным хуэгъэзауэ фхузэфIэкI къызэрывмыгъанэр, ар зэрызыхэтщIэр. ИкIи ди гуапэ дыдэщ ДАХ-м и зэхуэсыр ди щIыналъэм зэрыщекIуэкIыр, ар мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я шэсыпIэ лъэщ зэрыхъури къыхэдгъэщыну дыхуейт. Урысейр стратегие и лъэныкъуэкIэ пэжу къыдбгъэдэт ди ныбжьэгъуфIщ, дяпэкIи а зэхущытыкIэхэр зэрефIэкIуэнум шэч къытетхьэркъым, – жиIащ Абхъазым и Президент Гунбэ Бадрэ.

Бысымым и гуапагъэм пэджэжу ДАХ-м къыбгъэдэкIыу Сэхъурокъуэ Хьэутий президентым фIыщIэ хуищIащ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я дежкIэ Абхъазым мыхьэнэшхуэ зэриIэри къыхигъэщащ.

– Илъэс 33-м зэрынэхьэсауэ ДАХ-р хущIокъу ар зыухуа лъэпкъым и бзэмрэ щэнхабзэмрэ къызэриIэтыным икIи зэрызригъэужьыным. Ауэ абы къыщыувыIэркъым. ДАХ-м мыхьэнэшхуэ ирет къыбгъэдэс лъэпкъхэм ягурыIуэу, зэпыщIэныгъэфIхэр яхуиIэу, яку дэлъ зэхущытыкIэхэр иригъэфIакIуэу зэрылэжьэным. Абы и IуэхукIэ Абхъазыр ДАХ-м щыщыгъупща зы махуи къыхэкIакъым, дапщэщи щIэгъэкъуэн хуэхъуну хьэзыру щытащ. Дэ дызэгъунэгъу къудейкъым, дэ зы лъабжьэ диIэщ, дызэкъуэшщ, икIи, шэч зыхэмылъыжыр аращи, ДАХ-мрэ адыгэ хэгъэгухэмрэ Абхъазым сыт щыгъуи къуэтынущ, абы зегъэужьынымкIи лъэкI къигъэнэнукъым, – жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ГуапагъэкIэ гъэнщIа зэIущIэм иужькIэ, ДАХ-м хэтхэр Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи псэр зытахэм я фэеплъ скъарым екIуэлIащ, зауэм хэкIуэдахэм дакъикъэкIэ яхуэщыгъуа нэужь, удз гъэгъахэр тралъхьащ. Псэр IэфIщ, жаIэ, ауэ хуитыныгъэр нэхъ IэфIыжу къыщIэкIынщ, псэм емыблэжу абы къыщыжыну цIыхур щытыкIэ щIиувэр. Псэм ипэ напэр, жиIащ адыгэм. ЗыхэпщIэрт фэеплъыр здэщыт щIыпIэм и Iэгъуэблагъэм нэрымылъагъу гуащIэ гуэр зэрыщызекIуэр. Упсэлъэну ухуэмейуэ, блэкIам ухэзышэж гупсысэхэм ухэтмэ, нэхъ къозыгъащтэ щытыкIэм ихуат фэеплъым деж щытхэр, а гурыщIэми зэщIиIыгъэу ДАХ-м хэтхэр зэхуэсыр щекIуэкIыну хэщIапIэм къекIуэлIэжащ.

ДАХ-м и зэхуэсым кърихьэлIащ Абхъазым и вице-премьерхэу Нанбэ Жансэхъурэ Хагбэ Тарасрэ, Абхъазым и ХейщIапIэ Нэхъыщхьэм и унафэщI Бутбэ Саидэ, КъБР-м и Парламентым ухуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хуэIухуэщIэхэмрэ энергетикэмрэкIэ и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмрэкIэ и министр КIурашын Анзор, АР-м лъэпкъ IуэхухэмкIэ, ди лъэпкъэгъуэхэм яхудиIэ зэпыщIэныгъэхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэкIэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Щхьэлахъуэ Асчэр, Бахъсэн къалэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и къулыкъущIапIэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм икIи хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий зэIущIэр къыщызэIуихым, къыхигъэщащ Хасащхьэми ГъэзэщIакIуэ гупми блэкIа мазищым лэжьыгъэ хъарзынэ зэрызэфIахар, ауэ абыкIэ къэувыIэ зэрымыхъунур, дунейм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэр къилъытэурэ адэкIи щIэгъэхуэбжьауэ лэжьэн зэрыхуейр.

– Лъэпкъ Iуэхум хуэлажьэхэр мащIэкъым, ауэ ДАХ-м хуэдэу зи пщэ къалэнышхуэ къыдэхуэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ куэд щыIэу къыщIэкIынкъым. Дэ дыщылажьэр дыщалъхуа щIыпIэхэм я закъуэкъым, атIэ далъоIэс зи псэукIэкIи зи щыIэныгъэкIи зэщхьэщыкI къэралхэм, ди лъэпкъэгъухэм дащыдэлажьэкIи, къэдмылъытэу хъуркъым ахэр щыпсэу щIыпIэхэм щытепщэ политикэри. ДэнэкIи щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри зэгъэуIуныр ди пщэрылъ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ, ауэ къэрал зэхущытыкIэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр едгъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм хэлъыта хъуа нэужь, нэхъыбэ зэрытхузэфIэкIынум шэч хэлъкъым.

Ди нобэрей зэIущIэр жысIам и щыхьэтщ. Дэ дыщыхасэ Абхъазыр къэралыгъуэ зыгъуэта щIыналъэщ. Мыбы Iэджэ къуэпскIи дыкъепхащ адыгэхэр. Абхъазым и хуитыныгъэм папщIэ иригъэкIуэкIа зауэм ди щIалэхэр къезышэлIар ди адэжь-анэжьхэм къытхуагъэна уэсятырщ, ди зэхуаку дэлъ зэкъуэшыгъэрщ. ЗэрыжаIэщи, дызэкъуэтмэ, дылъэщщ. ДызэгурыIуэмэщ зыщытхъумэжыфынури, акъыл хэтлъхьэурэ дызыIууэ лъэпощхьэпохэр къызэдывгъэнэкI, ди пащхьэм къиувэ къалэнышхуэхэри акъыл зэхэдзэкIэ зэфIэдывгъэх. Абхъазым дыкъезыгъэблагъэу ДАХ-м и чэзу зэхуэсыр щедгъэкIуэкIыну Iэмал къыдэзытахэм фIыщIэшхуэ яхузощI, мы лъэбакъуэри жэрдэм щIагъуэ куэдым я ублапIэ зэрыхъунуми шэч зыми къытетхьэркъым, – жиIащ Сэхъурокъуэм.

Абхъазым и вице-премьер Нанбэ Жансэхъу къыхигъэщащ зэкъуэшыныгъэм лъабжьэ быдэ щиIэм деж ар зи зэхуаку дэлъхэм шынагъэ гуэри зэрамыIэр, икIи лъэпкъитIым игъащIэми къадэгъуэгурыкIуэ жыIэгъуэмкIэ Абхъазым и Президентым и фIэхъус псалъэр къызэхуэсахэм я деж нихьэсащ:

– IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым, жаIэ. Нэхъыжьхэм я жыIэкIэу жыпIэмэ, адыгэхэри абхъазхэри дызыкIэтIий кIапэщ. А зы Iуэхугъуэ закъуэм зэкъуэшхэм хуэдэу дызэрызэбгъэдэтын хуейр дэтхэнэми хьэкъ къытщещI. ГъащIэм Iэджэ Iуэхуи къыщохъу, политикэми зэхъуэкIыныгъэ куэди къыщокIуэкI, ауэ дэ лъэпкъитIыр дапщэщи дызэрызэхуэщыпкъэн хуейр ди къежьапIэхэм гурыIуэгъуэ къытщащI, абыхэм дытекIи хъунукъым.

ЗэфIигъэкIа лэжьыгъэмрэ къыхилъхьа жэрдэмхэмрэ тепсэлъыхьащ, Урысейм щызэхаша зэIущIэ зыбжанэм Хасэр зэрыхэтари къыхигъэщащ.

– КъызэднэкIа мазэ бжыгъэм къриубыдэу дэ УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым и зэIущIэ зыбжанэм, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я Ассамблеем и щIэнIуатэм дыхэтащ. ЗэрыфщIэщи, тIуми къащтэ унафэхэм Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Лъэпкъхэм я Ассамблеем КъБР-м щиIэ щIыналъэ къудамэр жыджэру зэрылажьэр, абы ДАХ-р купщIафIэу зэрыхэтыр къыхэзгъэщыну сыхуейт. Ди хъуреягъкIэ щыпсэу лъэпкъхэм пыщIэныгъэ яхудимыIэмэ, абыхэм я гурыгъузхэр зэрызыхэтщIэр къадмыгъащIэмэ, къыткъуэмыувэжыныр зыхуэIуа щыIэкъым. Абы къыхэкIыу, Ассамблеем къалэн зыщищIыж Iуэхугъуэхэм мыхьэнэ ядот. Хуабжьу сыхуейт АР-ми КъШР-ми Ассамблеем и къудамэхэр къыщызэIуахыу купщIэ зыхэлъ, цIыхубэр къызэщIэзыубыдэ Iуэхугъуэ дахэхэр ирагъэкIуэкIыну. Апхуэдэу КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и VII зэхуэсым щIэуэ хахахэм я зэIущIэм, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министерствэхэм я Жылагъуэ зэIущIэхэм дыхэтащ, анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ я IуэхукIэ диIэ гупсысэхэмкIэ дадэгуэшащ. ЩIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щрагъэкIуэкI, адыгэ щэнхабзэмрэ жылагъуэ гъащIэмрэ мыхьэнэ щызиIэ дауэдапщэхэми дыхэтщ. Щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейт псэзэпылъхьэпIэм ит ди щIалэхэм дазэрыпыщIар, ахэр зэи дигу зэримыхур, абыхэм я деж гъуэмылэрэ щыгъынхэмрэ зэредгъэшар. ЗыIут IэнатIэр гурэ псэкIэ зыхыдощIэ, щIэх я унэ къагъэзэжыну дащогугъ, – жиIащ Сэхъурокъуэм.

Ар тепсэлъыхьыжащ егъэджакIуэхэм я IэщIагъэр щыхагъахъуэ Центрым щIыгъуу къызэрагъэпэща, адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ курыт еджапIэм щегъэджыным и IуэхукIэ зэхаша щIэнIуатэм, Дунейпсо Адыгэ Iуэрытхыр зэрекIуэкIам, МэшбащIэ Исхьэкъ и ныбжьыр илъэс 95-рэ зэрырикъуам иращIэкIа махуэщI дауэдапщэхэм зэрырихьэлIам, нэгъуэщIхэми.

– Псыпэ цIыкIуурэ зэхэмылъэдэжар псышхуэу ежэхынукъым. Мы зи гугъу сщIа Iуэхугъуэхэм мыхьэнэ зимыIэ, щIэблэм и щIэжым зегъэIэтынымкIэ къару зыхэмылъ яхэткъым. Языхэзри зытеухуакIэ лъэпкъ Iуэхущ, зытраухуакIэ адыгэ Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуатэ цIыху щэджащэ защIэщ. ДифI дгъэлъэпIэныр, ар ину тIэтыныр ди хьэкъщи, Iэмал зэриIэкIэ гулъытэншэу зыри къызэрыдмыгъэнэнум и ужь дитщ.

Сэхъурокъуэм адэкIэ Адыгэ Хасэхэм я унафэщIхэм псалъэ яритри, щхьэж и щIыпIэм щригъэкIуэкI лэжьыгъэм и гугъу ящIащ Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Мэздэгу щыIэ Хасэхэм я тхьэмадэхэм. ДАХ-м и тхьэмадэм щIыпIэ хасэхэм щекIуэкI лэжьыгъэм пщIэ хуищIащ, я зэманрэ гуащIэрэ трагъэкIуадэу цIыхушхуэ зэхуэзышэс зэхьэзэхуэхэр къызэрызэрагъэпэщым щыгуфIыкIащ.

ДАХ-м хэтхэр бысым хуэхъуа Абхъазым щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Мэремыкъуэ Валерэ и къэпсэлъэныгъэр нэхъ убгъуауэ щытащ. Ар тепсэлъыхьащ Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм папщIэ иригъэкIуэкIа Хэку зауэр зэрыувыIэрэ Адыгэ Хасэр зэрылажьэр, Сыхъум Iэмалыншэу Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэузэщIакIуэ центр къыщызэгъэпэщын хуейщ, ар ди хэщIапIэ нэхъыщхьэ хъун, мы хэгъуэгум къихьэ ди лъэпкъэгъухэр абы къекIуэлIэфын хуэдэу. Зы хэщIапIэ диIэмэ, абы ди мурадхэм ящыщ куэдыр нэхъ зэфIэхыгъуафIэ къытщищIынущ. ДАХ-м и чэзу зэIущIэр Абхъазым зэрыщекIуэкIым ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы ди зэпыщIэныгъэхэр къигъэщIэрэщIэжынущ, ди лъэпкъым лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызиужьыфын, ауэ и пIэм имыкIыу ит Iуэхугъуэхэри иригъэжьэнущ. Согугъуэ ди мурадхэр къыдэхъулIэну, Лъэпкъ центрыр къызэдгъэпэщу лъэныкъуитIми ди зэхуэдэ Iуэхугъуэхэр зэфIэтхыу лэжьэн щIэддзэну, – жиIащ Мэремыкъуэ Валерэ.

– Къэралым къыдит Iэмалхэри, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къарури хэтлъхьэу адыгэбзэр тхъумэн зэрыхуейр псоми дощIэ. Аращ ДАХ-р зэрыгъуазэ хабзэхэми япэу къагъэувыр. Абы и IуэхукIэ хъарзынэу мэлажьэ Табыщ Муратрэ Щоджэн Iэминатрэ. ИрагъэкIуэкI лэжьыгъэм къытхутепсэлъыхьамэ, игъуэ хъунут, – жиIащ Сэхъурокъуэм.

Псалъэмакъым къыпызыща Щоджэн Iэминат тепсэлъыхьащ хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм зи унафэ ищI къудамэм онлайн-еджэныгъэхэр къызэрызэригъэпэщ щIыкIэм. «Адыгэбзэр пэIудзауэ егъэджыным хуэунэтIа курсхэр ди хасэ лэжьыгъэхэм къызэрыхыхьэрэ илъэс ебланэр ежьащ. Къыхэзгъэщынут курсхэм къыхыхьэну хуейхэм я гукъыдэжым уеплъмэ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэр нэхъри щIэхуэбжьэну зэрыарар. Дызэрылажьэ программэхэр хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм тынш къазэрыщыхъур жысIэнщ. Апхуэдэу ди лъэпкъэгъухэм адыгэбзэр зэраджын программэ Табыщ Мурат зэрызэхигъэувар, абы тещIыхьа тхылъым и зэхэлъхьэным иужь зэритыр къыхэгъэщын хуейщ. Мы гъэм ДАХ-м и дэIэпыкъуныгъэшхуэ хэлъу анэдэлъхубзэр курыт еджапIэхэм щезыгъэджхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ щIэнIуатэ къызэдгъэпэщащ, абы цIыху куэд хэтащ. ЩIэнIуатэм кърихьэлIащ КъБР-м и мызакъуэу, гъунэгъу КъШР-м и егъэджакIуэхэри. Ди лэжьыгъэр зыхуэунэтIар ди ныбжьыщIэхэращи, ди пащхьэ къиувэ лэжьыгъэхэм зэхуэдэ бгъэдыхьэкIэ къахуэдгъуэтыныр ди къалэным щыщу къыдолъытэ. Ди гуапэщ апхуэдэ еплъыкIэ лъэныкъуэ псоми зэраIэр, – жиIащ Щоджэн Iэминат.

ЗэпыщIэныгъэхэм я мыхьэнэр нэхъри IупщI мэхъу, ДАХ-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэр щIэблэм хуэгъэзауэ зэрыщытыр къэплъытэмэ. Абы и IуэхукIэ щапхъэ дахэщ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлIэу Хэкум хамэщI щыпсэу адыгэ сабийхэр къызэрашэр. «Къыхэтлъхьа жэрдэмыр зэрымыужьыхынми дыхущIокъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщагъэпсэхуну Тыркум сабий 22-рэ, Абхъазым – 10, мэздэгу адыгэхэм я щIалэгъуалэм щыщу – 10, АКъУ-м – 7, КъБКъУ-м – 11 къэкIуэну дапоплъэ. Ди программэр гъэнщIауэ щытынущ – адыгэбзэ курсхэм къыщегъэжьауэ лъэпкъ IэщIагъэхэр къызэщIиубыдэу, нэгузыужь зекIуэхэмрэ адыгэ джэгухэмрэ хэтынущ», – жиIащ КIурашын Анзор.

Мыхьэнэшхуэ иIащ «Хэкум и хъугъуэфIыгъуэхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Дзэмыхь Къасболэт IыхьитIу зэхигъэува и къэпсэлъэныгъэм. Япэ Iыхьэм абы Урысеймрэ Абхъазымрэ мылъку къэлэжьыным пымыщIа я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэрызэдэлажьэ щIыкIэм, абыхэм яхузэфIэкIамрэ къапэщылъ Iуэхугъуэхэмрэ я гугъу къыщищIащ. ЕтIуанэ Iыхьэр теухуат Урысеймрэ Абхъазымрэ иджырей дунейм щекIуэкI политикэ гъащIэм щаубыд увыпIэм, яку дэлъ зэхущытыкIэхэм замыхъуэжын, атIэ нэхъри заубгъун папщIэ зэгъусэу къыхалъхьэ жэрдэмхэр зэдагъэзэщIэн зэрыхуейм. Дзэмыхьым къыхигъэщащ Урысейр Абхъазым и экономикэ дарэгъуу зэрыщытыр, Абхъазым къылъыкъуэкIынкIэ хъуну шынагъуэхэм ар пшэпэIудз зэрахуэхъуфынур. Абы и щыхьэту Дзэмыхьым къыхигъэщащ Абхъазым и цIыхубэм щыщ куэдым Урысейм и паспортыр къызэрыдахыр.

Дзэмыхь Къасболэт и къэпсэлъэныгъэм ДАХ-м хэтхэм я гупсысэ куэд къитIэщIащ. Апхуэдэу зэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я граждан жылагъуэ институтхэм яхузэфIэкI къамыгъанэу лъэныкъуитIыр зэзышалIэ Iуэхухэм тележьэн, глобализацэм къишэ зэхъуэкIыныгъэхэр, геополитикэм къигъэув къалэнышIэхэр къалъытэкIэрэ щIыпIэхэм щыIэ хасэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я пащхьэ къиувэ Iуэхухэр зэблагъэкIыфу щытын зэрыхуейр.

ДАХ-м и зэIущIэр щызэхуищIыжым, Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхигъэщащ лъэпкъым папщIэ лэжьыпхъэхэм кIэ зэрамыIэр, дапщэщи зэхъуэкIыныгъэрэ зыпэмыплъарэ къазэрыхукъуэкIынур.

– Зи Iуэху зыщIэжыр, зэпымыууэ лажьэр пэмыплъэу къыкъуэуа жьыбгъэм хуиудынукъым. Дызыхуэлажьэр ди лъэпкъщи, ди лъэр щIэзыудын щыIэкъым. Нэхъыщхьэр дызэгурыIуэнырщ, зым и псалъэм адрейм гупсысэ къыхихыу лъэпкъ Iуэхур дэгъэкIынырщ. Къыхэтлъхьэфыну жэрдэмхэри Абхъазым пытщIэфмэ, ифI фIэкIа, и ягъэ къэкIуэнукъым. Нэхъри дефIэкIуну, къытпэщылъхэм я зэблэхыкIэ хъунумкIэ акъылрэ зэфIэкIрэ къытлъыкъуэкIыну си гуапэщ, – жиIащ Сэхъурокъуэм.

ЗэIущIэр гуIэфIтещIэжу иухащ. ДАХ-м и лэжьыгъэм хэтахэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазымрэ я уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ я концертым ирагъэплъащ.

– ФIым щымыгугъ щыIэкъым. Дызыхэт Iуэхум дызыщыгуфIыкIыжын фIыгъуэ Iэджэ хэлъщи, абыхэм хъер куэд яхэтлъэгъуэну си гуапэщ, – къыщIигъужащ ДАХ-м и тхьэмадэм.





**ТАБЫЩ Мурат,**
**Сыхъум - Налшык**

ЗэпыщIэныгъэ хэха къулыкъум и Махуэм

**ШыщхьэIум и 1-м — зэпыщIэныгъэ хэхамкIэ къэрал къулыкъур къызэрагъэщIрэ илъэс 86-рэ ирокъу. Ауэ абы и тхыдэр къыщожьэ нэхъ жыжьэ — 1796 гъэхэм. Апщыгъуэм пащтыхь Павел I и унафэхэр, тхылъымпIэ лъапIэхэр, хьэпшыпхэр щIыпIэ гъэбелджылам зыхьыну фельдъегерь корпус къызэригъэпэщауэ щытащ.**

# «ЗэпыщIэныгъэмрэ сэрэ гъащIэм дызэрипхащ»



Революцэ нэужьым, совет унафэщIхэри апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэм хуэныкъуапэти, 1918 гъэм Дзэ Плъыжьым и Урысейпсо штаб нэхъыщхьэм хэту къэралщIыб зэпыщIэныгъэ къулыкъу къагъэщI. 1939 гъэм къэралым и лIыщхьэхэм къабгъэдэкI щэху, щэху дыдэ мыхьэнэ зиIэ дэфтэрхэр, гъущIыкIэ лъапIэхэр зыхуэныкъуэм нахьэсыным хуэгъэзауэ зэпыщIэныгъэ хэхамкIэ къулыкъур къагъэщIауэ щытащ. Хэку зауэшхуэр къагъэщIауэ къулыкъум лэжьыгъэ купщIафIэ иригъэкIуэкIащ къэралым и дзэзешэ нэхъыщхьэмрэ фронтым и штабхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр нэгъэса хъунымкIэ.

Абы лъандэрэ къулыкъум игъэзащIэ Iуэхутхьэбзэхэм нэхъри заубгъуащ, ауэ я мыхьэнэ нэхъыщхьэр ягъэкIуэдакъым. Нобэр къыздэсым абы къэралым и щэху зыхэлъ Iуэхухэр ихъумэу и къалэн егъэзащIэ. Дэфтэрхэр, шынагъуэ зыхэлъ, лъапIагъ щхьэхуэ зиIэ гулъэхэр зэрыкъэралу щызэрагъакIуэ. Абы и Iуэхутхьэбзэхэм хохьэ щэнхабзэ лъапIагъэ зиIэ хьэпшыпхэри, Урысейм и музейхэм я коллекцэхэри, зыхуэдэ щымыIэ экспонатхэри къешэкIыныр.

Ди республикэм щылажьэ къулыкъуми къэралым къригъэз Iуэхухэр пылъхьэншэу, фIагъышхуэ хэлъу егъэзащIэ. Къапщтэмэ, ди хэгъуэгум зэпыщIэныгъэ хэхамкIэ къулыкъум езым и Управленэ зэриIэрэ куэд щIакъым, ар 2022 гъэм къызэIуаха къудейщ. ИпэIуэкIэ ди деж а Iуэхур щызыгъэзащIэр Ставрополь крайм епхарат.

Дауэ мыхъуами, къулыкъум и лэжьыгъэр зы махуи къызэтеувыIэкъым. Псыдзэри, жьыбгъэри, карантинри щхьэусыгъуэ хуэхъукъым къэралым пщэрылъ къыхуищIа къалэнхэр игъэзэщIэнымкIэ.

Абдеж щолажьэ жэуаплыгъэ ин зыбгъэдэлъ цIыху щыпкъэхэр, пэжагъ зыхэлъхэр, къэрал дзыхь зэбгъэз хъунухэр. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ зэпыщIэныгъэ хэхамкIэ Къэрэшей-Черкес республикэм щылажьэ Управленэм производствэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI Хьэнфэн Азэмэт.

Ар мы IуэхущIапIэм къыIухьауэ щытащ 2023 гъэм. Лейтенант нэхъыщIэу щIидзэри, зэман кIэщIкIэ абы зэпыщIэныгъэ хэхам и майорыцIэр къыхуагъэфэщащ.

ГъэщIэгъуэнщ, Азэмэт балигъыпIэм щиувам апхуэдэ унэтIыныгъэ зиIэ IэщIагъэм ирихьэлIэнуи и пщIыхьэпIэ къыхэхуэтэкъым. Черкесск къалэм дэт е 5-нэ гимназиер къыщиухым, РГУ-м и колледжым щIыхьащ, иужькIэ егъэджакIуэ IэщIагъэр щызригъэгъуэтыжащ Къэрэшей-Черкес къэрал университетым. Ауэ, апщыгъуэм зыхуеджа IэщIагъэм ирилэжьэну тегушхуакъым.

И Iуэхум зыщихъуэжар 2010 гъэм дзэм даша нэужьщ. Ар ХыфIыцIэ флотым и «Подвижный узел связи» къудамэм хэхуащ.

— Абы лъандэрэ си дуней еплъыкIэми зихъуэжащ. ЗэпыщIэныгъэмрэ сэрэ гъащIэм дызэрипхауэ жыпIэ хъунущ. СфIэгъэщIэгъуэну апщыгъуэм си къулыкъур есхьэкIащ, куэдым зыхуэзгъэсащ, — и IэщIагъэм къежьапIэ хуэхъуар игу къегъэкIыж Азэмэт.

Къулыкъу нэужьым, зэуэ зыхуей IэщIагъэ имыгъуэтами, ныбжьыщIэр лэжьапIэншэу щысакъым. Илъэс зыбжанэ текIа нэужь мурад ищIащ Урысейм зыхъумэжыныгъэмкIэ и Министерствэм контракткIэ къулыкъу хуищIэну. Апхуэдэу, Сторожевой жылагъуэм щыIэ 34-нэ бригадэм хыхьэри, и псэм дыхьэ зэпыщIэныгъэ Iуэхухэр къызэригъэпэщу лэжьащ. ИлъэситIыр апхуэдэу игъакIуэри Азэмэт, 2018 гъэм Къэрэшей-Черкесым и военкоматымкIэ къашэжащ. Абдежи мобилизацэ IуэхухэмкIэ, къэрал щэхухэр хъумэнымкIэ къудамэхэм я унафэщIу щылэжьащ, зэпыщIэныгъэ хэха къулыкъум хыхьэху.

Къэрал щэхухэр хъума хъунымкIэ, зэпыщIэныгъэ Iуэхур нэгъэсауэ гъэзэщIэнымкIэ гъэунэхуныгъэфIхэр зиIэ хъуа IэщIагъэлIыр лэжьыгъэм псынщIэ дыдэу хэсыхьащ, дзыхь зрагъэз, пщIэ зыхуащI лэжьакIуэфIхэм ящыщ хъуащ. Япэ щIыкIэ фельдъегеру (дэфтэрхэр, гулъэхэр нэзыхьэс) Iухьати, щIэх дыдэ производственнэ IуэхухэмкIэ къудамэм и унафэщI IэнатIэри къыхуагъэфэщащ. Иджы езым къэралым къигъэув къалэнхэр зэрагъэзэщIэну гъуэгухэр зэхегъэувэ, цIыхухэм зэрызахъумэжыну IэмалхэмкIэ жэуаплыгъэ ехь.

Азэмэт и нэIэм щIэт лэжьакIуэхэм ди щIыпIэм дэфтэрхэр къыщрашэкI, цIыхухэм я пенсэр пощтхэм ирашалIэ, дохутырхэм къагъэсэбэп афиян лIэужьыгъуэхэр медицинэ IуэхущIапIэхэм IэщIагъэхьэ. Мы зэманми абы и лэжьакIуэхэр Урысейм и хэгъуэгухэм щыIэщ къэрал унафэщIхэм къыхуащIа къалэнхэр щагъэзащIэу.

— Куэду къытIэрохьэ Урысейм зыхъумэжыныгъэмкIэ и Министерствэм и заказхэр. СВО-м щыIэхэм къыхуагъэувa къалэнхэр зэрагъэзэщIэну, шынагъуэ зыхэлъ гулъэхэр, заводхэм къитшурэ яIэрыдогъэхьэ. Абы хыхьэкъым гуманитар гулъэхэр. (а.пс. - Яшэр зищIысыр тегъэчынауэ къыхигъэщ хъунукъым).

Апхуэдэ къабзэу нэгъуэщI къэрал къулыкъу псоми дадолажьэ. Абыхэм я зэпыщIэныгъэр къызыдогъэпэщ. Дэри дэIэпыкъуэгъу дыщыхуэныкъуэм деж захудогъазэ, — дыхегъэгъуазэ щIалэм.

Сыт хуэдэ Iуэху упэрымытами, ар пфIэгъэщIэгъуэну щытмэ, къомыхьэлъэкIыну елъытэ Азэмэт. Езым зэрыжиIэмкIэ, и лэжьыгъэр гъэщIэгъуэн дыдэщ. «Къэрал щэхум и Iыхьэу ущыщыткIэ, дауи, ар пхъумэн, узэрызекIуэну гъуэгухэри гъэпщIкIуауэ къызэрызэбгъэпэщын хуейм нэхъри удрегъэхьэх мы лэжьыгъэм».

Нэхъ игу къинэжу и лэжьыгъэм зыпэщIэхуа IуэхугъуэхэмкIэ дыщеупщIым, Азэмэт игу къигъэкIыжащ, езыр яхэмытами, и лэжьэгъухэм Мухьэмэд бегъымбарым и щхьэц налъэ ди республикэм къызэрыщрахьэкIар гъэщIэгъуэн дыдэу зэрыщытар. Илъэс кIуам къулыкъум и лэжьакIуэхэм «Божья мать» тхьэнапэр ди республикэм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм къыщрашэкIри, Краснодар яшэжащ.

— Апхуэдэм реликвие мыхьэнэ иIэщи, нэхъ ткIийуэ тхъумэн хуейщ. Экстремист гупхэм къагъэсэпыну мурад ящIынкIэ мэхъури, дыхуэсакъыпхъэщ. Ди лэжьыгъэм деж нэхъыщхьэр гулъытэр зэи къэмыгъэлэлэнращ. Дэ дызэрызекIуэ автомашинэхэр къызыхэщIыкIар гъущIыкIэкIэ гъэбыдащ, апщыгъуэми Iэпкълъэпкъыр зыхъумэ джанэхэр тщыгъщ, Iэщэ тIыгъщ. Арами, набдзэгубдзаплъэу, зы дакъикъи дытемыгупсысыкIыу ди къалэныр и кIэм нэдгъэсыпхъэщ, — жэуаплыгъэу ихьым къытопсэлъыхь Азэмэт.

Щэху зыхэлъ къэрал Iуэхухэр къэралым къыхуэмыфIхэм къыщагъэсэбэп мэхъу. ИкIи а щэхур зыхъумэ къулыкъум и лэжьакIуэхэм къащытеуэ къохъу, къаутIэсхъыным хущIэкъуу, псом хуэмыдэу ахъшэ къыщрашэкIкIэ. Ди республикэм мы къулыкъур шынагъуэ щытыкIэ щихуа иджыри къэмыхъуами, Урысейм и хэгъуэгу Iэджи гузэвэгъуэ ирагъэтащ щIэпхъаджащIэхэм.

Пщэджыжь къэс къулыкъум и лэжьакIуэхэм я узыншагъэм и щытыкIэм кIэлъоплъ, Iэщэр, Iуэхур дзыхь яхуэпщI хъунрэ-мыхъунрэ медицинэм и лэжьакIуэм зэхегъэкI. ИужькIэщ гъуэгухэм лэжьакIуэхэр щытрагъэувэр. НобэкIэ зэпыщIэныгъэм и лэжьакIуэхэр куэд мыхъуми, я къалэнхэр тыншу зэкIэлъагъакIуэ. Азэмэт къызэрыхигъэщымкIэ, нэхъыщхьэр гъуэгухэм я зэкIэлъыкIуэкIэм гъуащагъэ къахэмыхуэу зэхэгъэувэнращи, ар IэщIагъэлIхэм фIы дыдэу зрагъэхъулIэ.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

Черкесск къалэр илъэс 200-м хуэкIуэу

Къэпщытэжыныгъэ

# IэпщIэлъапщIэхэм я нэхъыфIхэр





Бадзэуэгъуэм и 10 - 25-рэ махуэхэм «Город мастеров» республикэ гъэлъэгъуэныгъэ-зэхьэзэхуэр — IэпщIэлъапщIэхэм я дуней гъэщIэгъуэным дыхэзыгъэплъар, Черкесск къалэм дэт сурэт галереем щылэжьащ.

Гъэлъэгъуэныгъэр зэрызэхагъэувa хьэпшыпхэр я IэрыкIыу щытащ изобразительнэ, декоративно-прикладной гъуазджэхэмкIэ IэпщIэлъапщIэхэм. Дауэдапщэр траухуащ Хэку зауэшхуэм ди цIыхубэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрилъэщрэ Илъэс 80 мы гъэм зэрырикъуам, Черкесск къалэр илъэс 200 зэрырикъунум, Поленов В. и цIэр зезыхьэ ЦIыхубэ творчествэм и Къэрал Урысей Унэр илъэси 110-рэ зэрырикъум.

«Мыр гъэлъэгъуэныгъэ къудейкъым, атIэ ди хэгъуэгум и район зэхуэмыдэхэм щыпсэу цIыху зэчиифIэхэм, къызэрымыкIуэхэм я зэпеуэщ. Псом хуэмыдэу гуапэр апхуэдэ цIыху гъэщIэгъуэнхэр ди республикэм зэрымымащIэращ. Си фIэщ мэхъу жюрим дэтхэнэ IэрыкIми хуэфащэ гулъытэ зэрыхуищIынур», — жиIащ Къэрэшей-Черкесым щэнхабзэмкIэ и министр Агырбэ Зураб гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахым.

Мы гъэлъэгъуэныгъэм и IэмалкIэ ди республикэм щыпсэу, щыхьэщIэ куэдым зыщагъэгъуэзащ сурэтыщI, декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ IэпщIэлъапщIэ куэдым. Апхуэдэу абдеж щыплъагъунут сурэтхэр, графикэр, дыщэидэр, пхъэм къыхэбзыкIа хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, дэрбзэр IэрыкIхэр, нэгъуэщIхэри.

Бадзэуэгъуэм и 25-м гъэлъэгъуэныгъэр махуэщI жыпхъэм иту зэхуащIыжащ, абы къыдэкIуэу зи IэрыкIхэр нэхъыфIу къалъыта IэпщIэлъапщIэхэр номинацэ зэхуэмыдэхэмкIэ къыхагъэщащ.

Апхуэдэу «Лучшая выставка работ ИЗО и ДПИ» номинацэмкIэ 1 нагъыщэ зиIэ дипломыр Хьэбэз район администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм хуагъэфэщащ. ЕтIуанэ хъуащ Къэрэшей районым щэнхабзэмкIэ и къудамэр. Ещанэр «Центр культуры и досуга Малокарачаевского района» МКУК-м иратащ.

КъинэмыщIауэ, «За мастерство исполнения» номинацэмкIэ район къэс и IэпщIэлъапщIэ нэхъ гъэщIэгъуэнхэр къыхагъэщащ. Апхуэдэу, Хьэбэз районым щыщу текIуэныгъэр къахьащ Адышэс Азэмэт, Хутэ Марат Нэхущ Мединэ сымэ. Адыгэ-Хьэблэ районым щыщу къыхагъэщар Уэхъутэ Алийщ. *(Сурэтхэм псори щыволъагъу)*

ЦIыхубэ IэщIагъэхэр зымыгъэкIуэду ди нобэм къыхэзыпщэ, щIэблэм ябгъэдэлъ щIэныгъэмкIэ ядэгуашэ дэтхэнэ IэпщIэлъапщIэми, абыхэм щIэгъэкъуэн къахуэхъухэми дохъуэхъу, адэкIи ехъулIэныгъэрэ я IэщIагъэм и хъеррэ щымыщIэну Тхьэм жиIэ!

**ЧЫРБЫЖ Иринэ**

Гъуазджэ

# КъэфакIуэхэм я текIуэныгъэхэр




ТIуапсэ къалэм дэт «Южный» пансионатым «Изумрудная волна» зи фIэщыгъэцIэ, къафэр зи Iэпэгъу сабийхэм яхуэгъэпса лагерыр щылэжьащ икIи творчествэмрэ гъуазджэмрэкIэ Дунейпсо зэхьэзэхуэ - фестиваль щекIуэкIащ.

Абы хэтащ ди къэралым и хэгъуэгу зэмылIэужьыгъуэхэм къабгъэдэкIа къэфакIуэ гуп куэд. Къэрэшей-Черкесым щыщу мы зэхьэзэхуэ-фестивалым зыкъыщагъэлъэгъуащ цIыхубэ къафэхэмкIэ «Юность Кавказа» ансамблым. НыбжьыщIэхэм я художественнэ унафэщIыр ХЬЭМЫКЪУЭ Азэмэтщ.

Зэхьэзэхуэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа гупхэм ящыщу «Юность Кавказа» ансамблым «Лауреат 1-ой степени» дипломиплIрэ фестивалым и "Гран-При"-мрэ къилъэщащ.

НыбжьыщIэхэм адыгэ къафэ зэмылIэужьыгъуэхэр утыку кърахьащ, икIи я ехъулIэныгъэхэм наIуэ зэращIщи, жюрири къыдахьэхын ялъэкIащ.

Гупым хэт сабийхэми, абыхэм я унафэщIми, сэбэп къахуэхъуа псоми дахуохъуахъуэ! АдэкIи лъагапIэ нэхъ иныжхэм хуэкIуэну дащогугъ!

**ЧЫРБЫЖ Иринэ**

ЩIэупщIэныгъэ

**Егъэджэныгъэр, узыншагъэр хъумэныр, нэгъуэщIхэри къэзыхутэ, къэзыпщытэж статистикэ щIэплъыкIыныгъэхэм жылагъуэм, цIыху къэс, дэтхэнэ унагъуэми и социальнэ зэпIэзэрытыныгъэри зыужьыныгъэри епхащ. Апхуэдэ жэуаплыгъэ лъагэр къыгурыIуэу, КъЧР-м статистикэмкIэ и Управленэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI. Ахэр зэмылIэужьыгъуэщ я купщIэкIи къалэнкIи.**

# Унагъуэхэм йохьэ

Иужьрей статистикэ щIэупщIэныгъэр мы гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 19-м ирагъэжьащ. Щиухынур шыщхьэIум (августым) и 7-ращ.

Мыр — унагъуэ къэс щрагъэкIуэкIыну Iуэхукъым, «выборочнэ» жыхуиIэм хуэдэу, къыхэхауэрэ унагъуэхэм кIуэнущ. Статистикэ щIэупщIэныгъэмкIэ къызэщIрагъэубыдэнущ КъЧР-м щыпсэу унагъуэ 405-рэ. Урысей Федерацэм, псори зэхэту — унагъуэ мин 48-м щIигъу.

Статуправленэм и лэжьакIуэхэм щIаплъыкIынущ цIыхухэм щIэнгъуазэр, узыншагъэр хъумэныр, социальнэ хуэIухуэщIэхэр къазэрыIэрыхьэ щытыкIэр, мардэр, абыхэм я фIагъыр, никъусаныгъэхэр.

Мыпхуэдэ статистикэ щIэплъыкIыныгъэ лIэужьыгъуэр илъэситIым зэ ирагъэкIуэкI. ЗыхуэунэтIар — цIыхухэр зыхуэныкъуэр, зыщIэупщIэр къыхэзылъытэ программэ, проект, унафэщIэхэр къыщагъэщIкIэ, ахэр пхагъэкIкIэрэ, жылагъуэм и гъащIэр, и псэукIэр егъэфIэкIуэнращ.

Гу зылъытапхъэщи, щIэупщIэныгъэхэр цIэрымыIуэу анкетэхэм иратхэнущ, статистикэ лэжьакIуэхэр зыхуэкIуэ унагъуэр пхъэидзэкIэ къыхах, муради, гурыщхъуи зыри хэлъкъым. ЛэжьакIуэхэм яIыгъынущ зыхуэдэр зыгъэнаIуэ дэфтэр, логотипхэр я фащэхэм тетынущ. ЦIыхур зытешыныхьын, чэнджэщ къызытрихьэн хэлъкъым мы къэрал Iуэхум.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

Туризм

# ЩIыуэпс лъагъуэщIэхэр

ШыщхьэIу мазэм «Архъыз» курортым щIыуэпс лъэс зекIуапIэу километри 8 метр мини 2,8 лъагагъым къыщызэIуахынущ. ИджыкIэ курортым апхуэдэ лъэс зекIуапIэу километр 44-рэ иIэщ.

ШыщхьэIу мазэм ипэхэм ехъулIэу, курортым и ищхъэрэ егъэзыхыгъуэмкIэ зекIуапIитI къыщызэIуахынущ. ТIури ику ит хьэлъагъ нагъыщэ зиIэу щытынущ, къыщыщIидзэнущ «Апполон» канат гъущI гъуэгум и ищхьэ станцым. Апхуэдэуи, станцым и лэжьыгъэр гъэмахуэ пIалъэм ирагъэжьэныр япэу къэхъуну Iуэхущ.

Километр 1,3-рэ зи кIыхьагъыу щытыну зы зекIуапIэр бгы тхыцIэм ирикIуэнурэ Габулу папцIапIэм (метр 3030) щиухынущ. Абдеж щиIэ зыплъыхьыпIэ утыкум уиту Темир-Кулак бгыхэр, абыхэм я цIэджэгъу псы аузым, Къарэ-Су гуэлым, Архъыз и нэхъ лъагэ дыдэ Пшиш бгым защыбгъэнщIыху уеплъыфынущ.

Километри 7 зи кIыхьагъ Дуккинскэ зекIуапIэр зыкIуну туристхэм къапоплъэ щIыуэпс щIыпIэ телъыджэ зыбжанэ. ЗекIуэр Дуккэ бгылъэ псым щиухынущ. Абдежращ курорт кемпингым и щытыпIэу щытынури.

«ЩIыуэпс зекIуапIэщIэхэр Къэрэшей-Черкесым и купсэм къыщыгъэщIыныр республикэм и туризмэм и зыужьыныгъэм, щIыуэпсыр хъумэным хуэзышэ лъэбакъуэщ. Шэч хэлъкъым, зекIуапIэщIитIри Архъыз и дыщэ фондым щыщ Iыхьэ хъунущ», — къет «Архъыз» УК-м и генеральнэ унафэщIым и пресс-къулыкъум.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Контракт къулыкъу




Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм - каналыр
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу
Редколлегием хэтхэр:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.
Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
[P] — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2800 -щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ЛЫХЬ Тимур,
корректору МУССЭХЭ Зуридэ,
оператору ХЬЭБЭЧЫР Даринэ